- PT : *Inggih, nemban. Miturut aturipun para wikati babagan kasuwargan, benjang ing alam baka kula saget pikantuk pangapura saking Gusti Inkang Anyipta Jagat. Nanging kula kedah ngudi ngelmu, nggrayuh kawruh kasampurnan langkung rumiyin. Mila bapa, sowan kula mriki menika lahir batos nedya pasrah dhumateng paduka, kula kepingin saget pikantuk ngelmu kasampurna saking paduka bapa guru Durna. Wondene pinten telasing prabiya kula namung ndhederek.*
- BD : *Sang Prabu Tejolelono.*
- PT : *Wonten dhawuh?*
- BD : *Kula boten kawratan minangkani dhateng pamundhut paduka saha sawanci-wanci ngelmu wau saget kula wulangaken.*
- PT : *Waduh, matur sembah nuwun, nemban, matur nuwun.*

- BD : *Nanging sedaya kala wau inggih kedah njer basuki mawa beo sang Prabu?*
- PT : *Ing ngajeng kula sampun matur, pinten probeyanipun mesti kula sembadani, nemban.*
- BD : *Bebananipun sanes brana wijes.*
- PT : *Lajeng paduka mundhut menapa bapa?*
- BD : *Sang Prabu wedal menika negari Ngastina wonten kraman badhe njengkeng kalenggahan Anak Prabu Duryudana, inggih menika pandhita ingkang mapan ing pertapaan Bumi Aldaka keparep sang Resi Gupala, menawi jeng ngendika sembodo nyerahaken kraman kala wau. Oh ampun kuwatos, ampun kuwatos, boten enjing, boten sonten ilmu sang Prabu, ilmu kula, kula ajaraken. Ananging anggenipun boten saget sampun kirang pangapunte sang Prabu, boten saget.*

#### **SULUK**

*Kadiyatul sang kadirangu rinangkul kinempit-kempit  
Duh sang retnaning bawana, o  
Ya situ kang walangadi  
Ya situ kang ngenesing tyas  
Ya situ kang kudu gering*

#### **GINEM**

- PT : *Elah..... dalah.... gojlek gojlek iblis padha jejogetan. Bapa Guru.*
- BD : *Kados pundi?*
- PT : *Menawi namung menika bebananipun. Kula sendika ngestokaken sendika dhawuh bapa.*
- BD : *Sang Prabu.*
- PT : *Inggih sendika bapa.*
- BD : *Ela dalah, o.. sukur bage sewu menika namung jemeneng sang Prabu, Tejolelono.*
- PT : *Kula nuwun inggih. Lanjeng paringipun benjang menapa bidal kula, nemban?*
- BD : *Langkung cepet langkung sae sang Prabu.*
- PT : *Oh inggih. Bilih mekaten, kula nyuwun pamit bidhal samenika dhateng Bumi Aldaka. Namung kula rumiyin nyuwun tambahing pangestu dhateng Begawan Durna.*
- BD : *O.. Inggih sang yasendro limintu pandonga kula sang Prabu.*
- PT : *Sang Prabu Duryudana kula nyuwun pamit saha pangestu kula.*
- PD : *Ya.. ya.. kisanah.*
- PT : *Kula nyuwun sagungeng para lenggah, kula nyuwun pamit badhe nglajengaken kewajiban kula matia ngantos dumugi paripurna.*

#### **ADEGAN 3**

*Prabu Tejolelono lunga saka Ngastina*

#### **SULUK**

*Myat langenging kalangyan  
Aglar pandan muncar  
Tinon lir kekonang  
Surem sorote tan padhang, o*

**ADEGAN 4**

*Prabu Duryudana dhawuh marang Begawan Durna lan paman Sengkuni*

**GINEM**

PD : *Bapa Durna.*

BD : *Kula wonten dhawuh sinuwun.*

PD : *Nadyan jeng ngandika sampun ngraya dhateng Prabu Tejolelono. Nanging bab ngenaning Resi Gupala tetep insun pasrahaken dumateng bapa ing Supalima.*

BD : *O.. inggih, sendika anak Prabu, ampun kuwatos ngger, ampun kuwatos, boten ngantos tataing surya Resi Gupala tartamtu sampun kendel saking Bumi Aldaka anak Prabu.*

PD : *Inggih, matur nuwun.*

PD : *Paman Sengkuni.*

PS : *Kula wonten timbalan sendika?*

PD : *Parentahna marang anak-anakmu Kurawa rumanti kaprajuritan ngombyongi budhale Prabu Tejolelono marang pasanggrahan Bumi Aldaka nundung resi Gupala mau paman.*

PS : *Nuwun inggih ngistakaken dhawuh. Ponapati nyuwun pamit saking pasewak padukaendra.*

PD : *Ya, ya, paman duka-duka digawa ngati-ati aja nganti ana sing keru. Mangga panemban kula ndherekaken panjinge palenggahan. Dene sira karta mau paman Sengkuni aja kang sinari sri kang tilakumu*

PS : *Nyuwun pangestu kanjeng sinuwun.*

**POCAPAN**

*Sang nata kondhur angedhaton tindhak ... lenggah ndheres sinalupa kahaya para badhaya srimpi ing samya ngampil upacara nata.*

**VCD 2 → ± 1 jam → Tidak ada alur cerita.**

Pada adegan ini menggambarkan Cangik lan Limbuk pada tetembangan.

**VCD 3 → ± 1 jam**

**ADEGAN 5**

*Paman Sengkuni ya paman Hariman katekan prabu Dursasana, Durmagati, Aswatama, lan Jayadrata.*

**SULUK**

*Gandane kang kembang gadhung*

*Tuwin kembang-kembang menur*

*Kanges arum*

*Winor lan oyot-oyotan*

*Kadi kusuma mangambar-ambar*

*Wor kukusing dupa kumelun kelun*

*Hawor mega lir memba bathara*

*Tan smar pantaring sukma winawaya kang sepi*

*Sinempin tengklengi kalbu pambukaning rana*

*Tarling saking liyep layaking ngaluyu*

*Pindho pesating supena sumebing rasa jati*

**POCAPAN**

*Lahing kana ta wau nara kaya miyosing patih Haryosengkuni ngawi sang hya para putra Kurawa hambrang mlabar nyauping jalawidi. Kukusing dupa kemelud mring tyas sangabekti. Kawengku sagung ... nanging ... iki, o.*

*Ridung mawur mangawur-ngawur wur tengaring ajur gong magura bangsa. Tete kaya butawala panjruting turangka Ngasti nywang tuwaja kang kekitir. Rekatak ingkang tuwaja lelayu sepi*

**GINEM**

**PDr** : *Weh lha, lha. Oh... oh... Paman Hariman, paman Sengkuni, kula ingkang putra saking Banjarjungut Dursasana. Langkung rumiyin sungkem kula katur Maharya.*

**PS** : *Iya, ya, angger anak lanangku Dursasana bektimu wis tak tampa. Wah, kadingaren wih genep temen tata kramamu Dursasana.*

**PDr** : *Wah! Nggih man, kula sakniki sampun sadar kok man. Ha... ha... ha...*

**PS** : *Ya syukur yen wis eling.*

**PDr** : *Nggih.*

**Dmg** : *Man.*

**PS** : *Durmagati ngapa?*

**Dmg** : *Kula nyuwun pangapunten, sumela atur.*

**PS** : *Ya.*

**Dmg** : *Kula ajeng takon, lik.*

**PS** : *Takon apa?*

**Dmg** : *Boten ngonten jane nami sampeyan sing asli niku sinten ta, lik?*

**PS** : *Jenengku sing asli saka pelasak Jenar kuwi Raden Harya Sumantri Trigantal Patiye Suwela Putra. Bareng dadi patih ana ing Ngastina banjur entuk paringan asma Patih Haryo Sengkuni.*

**Dmg** : *Lha terus, jeneng kok Sengkuni niku tegese menapa?*

**PS** : *Sengkuni saka linggane tembung sangka uni kang werdine yaiku wong kang wasis wicara.*

**Dmg** : *Welah ... dalah. Kok benten kali kula lik.*

**PS** : *Nek kowe?*

**Dmg** : *Nek kula sing merdike Sengkuni menika boten tiyang ingkang wasis wicara, nanging niku wonten werdine menungsa sing seneng tumbak cukukan, seneng adul-adul, lan gawe dadagane pasulayan. Nek ana wong rukun ora seneng, nek ana kahanan tentrem sirik atine. Omongane kono didol kene, omongane kene didol kono, kaya makelar menika lho lik.*

**PS** : *Lambemu nek muni diatur le.*

**Dmg** : *Diatur pripun?*

**PS** : *Lha wong kakangmu Dursasana bae ngabekti nyang aku. Anak Prabu Duryudana kuwi ngajeni nyang Sengkuni. Lha mung dapurmu, bayi wingi sore, nylekutak menyang wong tuwa ki anggepanmu apa? Ngadhep pakne cilik kuwi ora pira boroke ngaturake sungkem Sengkuni. Lha kok malah ngoceki jeneng Sengkuni diwerdeni tukang ngapus-apus. Apa memper ngono kuwi, hah?*

**Dmg** : *Mangke riyin om. Perkara kakang-kakang kula padha ngabekti dhateng sampeyan iku nggih mangga mawon. Iku urusane pribadine dhewe-dhewe.*



*Ning nek kula, tiyang ngabekti iku kudu didhelok ndhisik wong tuwa sing ajeg disembah pun memenuhi syarat menapa dereng?*

PS : *Tumrap kowe wong tuwa sing wajib diajeni kuwi sing kepriye?*

Dmg : *Nek petung kula sing wajib napa sembah iku wong tuwa sing pun temua, priyayi sepuh ingkang mentes tenan niku wajib kula sembah.*

PS : *Lha nek aku?*

Dmg : *Walah wis jan blas, wis ora nyukup saapa-apane.*

PS : *Kok ngono. Titian apa?*

Dmg : *Dika niku priyayi sepuh sing sepoh, sepih, tur sepah sampun.*

PS : *Kuwi tegese apa?*

Dmg : ***Sepoh** niku panganan sing boten penak dipangan sami kaliyan sampeyan iku. Urip blas ora boten nate kepenak rasene liyan. Nek guneman gaweane ngrasani kanca, tandhang tandhuke nggrobos, tur cethil. Lha napa wonten, wong maratuwa mampir nguyuh neng omahe mantu lha kok mbayar kaya neng terminal. Nek boten sampeyan rak boten wonten. **Sepi** niku tegese boten duwe lelabuhan dhateng masyarakat. Sampeyan iku priyayi sepuh sing sepi tanpa duwe lelabuhan apa-apa. Zakat ora tau urunan nggo ndadani dalan kampung ya cucul nanging ya mung semen siji. Semen sasak lek ngumuke tangga desa krungu kabeh. Niku rak sampeyan. **Sepah** kudu dilepeh sebab iku termasuk rereged. Sampeyan iku nggih ngaten. Sampeyan iku ambah patining jane termasuk sampah masyarakat. **Sampun** niku tegese samar-samar, misterius, tidak transparan, boten blak-blakan, boten terus terang. Ngendikane iku iya nanging batine ora, lahire ora ning batine iya, menika pribadine sampeyan.*

PS : *Buktine apa le?*

Dmg : *Lha priipun cobu, diko dina-dina mikir piye arepe fitnah wong. Nek prentah mesti ajeg, eh anak-anak Kurawa ayo Werkudara kae patenen, Gathotkaca kae rantenen. Mula sampeyan iku padha karo racun, mung kudu gawe sengsarane liyane mawon. Mula duka kuwi padha karo ratune penyakit, ngaten lho lek.*

PS : *Wis kono sak omong-omonganmu, mumpung je diwenangke ngomong.*

PS : *Durasana.*

PDr : *Wonten dhawuh man?*

PS : *Aja ngrungokake swarane cah pekok.*

PDr : *Nggih.*

PS : *Dak marakake stres.*

PDr : *Nggih, lajeng kados pundi dhawuh saking paman Sengkuni mangke kuwi?*

PS : *Dina iki sinuwun dhawuh menyang pasanggrahan Bumi Aldaka. Dene bapakmu supalima dibantu dening murid anyaran, ratu buta saka praja ujung laut jenenge Prabu Kala Tejolelono. Nadyan mengkono, kowe sedulur aja enak-kepenak. Sira kabeh uga kadhuwuhan sigep keprabon ngambyongi budhale Prabu Tejolelono. Mbok menawa mengko ana gagaling rembug para Kurawa sadiyabala kudu ngebyuk bareng pasanggrahan Bumi Aldaka didadekake segara geni.*

PDr : *Mengke riyen, man, sing jenenge Resi Gupala ajeng dipejahake?*

- PS : *Iya ... Bener.*
- PDr : *Mengko krungu kabar yen sing ngowat-ngowati iku jarene pranakan Pandhawa, kadosta bangsane Wisanggeni, Gathotkaca, Antasena, Irawan barang niku.*
- PS : *Umpamane kabar mau bener, trus kowe ana apa ta, apa kowe wedi?*
- PDr : *Nggih, bares mawon kula anjrih, man.*
- PS : *Oalah... kowe kepriye ta? Kowe ki panegak Kurawa, pangeran sepuh kok jirih getih, wedi mati ki kepriye?*
- PDr : *Wong wedi iku boten kepara mangkat, man. Maju perang iku kudu petung sing genep ampun ngawur mawon.*
- PS : *Lha petungmu kok, njur duwe rasa wedi?*
- PDr : *Petung kula wonten kalih perkawis, siji kodrat, loro wiradat.*
- PS : *Tegese?*
- PDr : *Petung sing kepisan kodrat, pun kula titeni bolak-balik. Kurawa niku nek perang kodrate ora tau menang, golek wayuh, arep rabi ya wurung. Ha... ha... ha, niku kodrate Kurawa.*
- PS : *Lha terus wiradate?*
- PDr : *Wiradat iku tegese budidaya trus, ajeng budidaya pripun yen mungsuhe iku bangsane Wisanggeni, Gathotkaca, Antasena barang niku. Mangga, totoan apa pripun?*
- PS : *Totoan priye?*
- PDr : *Mengko yen Kurawa iku menang saka pranakan Pandhawa, sampeyan kula rabikake manih lek. Ha... ha... ha...*
- PS : *O ... wong edan. Kok malah nyengkak umure wong tuwa. Bakune kowe kabeh ngombyongi budhale Prabu Tejolelono.*
- PDr : *Nggih ngistokaken dhawuh.*
- PS : *Suwatama.*
- As : *Kula wonten dhawuh paman.*
- PS : *Mara kowe metua aja kaya padhatan.*
- As : *Inggih ngestokaken dhawuh man.*

#### **SULUK**

*Umer kang kala lumaris  
Budhale kang wadyabala  
Tina asri gegamane saking kang bala kuswa  
Oh prabu sananira  
Prayata asri tinulung  
Pindho panjrahing puspita*

#### **ADEGAN 6**

*Paman Sengkuni lan para Kurawa mangkat menyang Bumi Aldaka.*

#### **POCAPAN**

*Wauta, kaya mangkana sigrah bebudhalan sang hya satriya bangsa.*

#### **SULUK**

*Umyeng swaraning wadya kang lumampah  
Kumpul ... tan jarwa  
Wong tanira martarna wong tuwaja liwang  
Bendewa wungkung risang*

*Aswatama kang tinampa cucuping wadyabala*

**ADEGAN 7**

*Prabu Tejolelono tekan ing ngarep gapura Bumi Aldaka diaglang dening Mayang Seta.*

**GINEM**

PT : *Ala dalah, gojlek-gojlek, iblis lanak padha gojekan, durung nganti aku manjing njero pasanggrahan, iki ana wong tuwek tur rupane uelek ngaglak ing ngarepe gapura kaya nyegat anggonku lumaku. Eh, wong tuwa, kowe jenengmu sapa? Lan duwe karep apa dene nyegat gen kula mlebu gapura?*

MS : *Aku juru kunci ing pasanggrahan Bumi Aldaka kene lan aku kang wenang ngrungsa wilujenging Resi Gupala, jenengku Mayang Seta.*

PT : *O... o ... lha dah lha ... kalingane kowe ingkang nunggoni pasanggrahan kene. Jenengmu Mayang Seta.*

MS : *Ya, kepara nyata. Balik kowe buta. Kowe buta saka ngendi? Lan sapa kang dadi jenengmu?*

PT : *Samarupa, ala tanpa rupa aku iki nalendro saka ujung laut jejulukku Prabu Kala Tejolelono.*

MS : *Prabu Tejolelono.*

PT : *Kepara nyata.*

MS : *Banjur kekarep apa dene kowe prapta ana ing pasanggrahan Bumi Aldaka kanthi wadyabala, eh Prabu Tejolelono?*

PT : *Samarupa Mayang Seta praptaku iki minangka utusaning nalendra Ngastina Prabu Duryudana, lumantar calon guruku Begawan Durna. Aku ginandung nundung Resi Gupala saka kene.*

MS : *Mengko ndisik, mengko ndisik Prabu Tejolelono.*

PT : *Kepriye?*

MS : *Apa dosa lupute sang Resi Gupala, kowe kok arep nundhung sang Resi?*

PT : *Resi Gupala mapan ana ing kene akeh para kawula Ngastina kang padha nyingkur marang Ratu Gustine. Kepara malah padha ngiblat marang Resi Gupala. Kahanan kaya ngono kuwi yen ora enggal dibubarake ora urung bebayani tumrap praja Ngastina lan yen wis rumangsa kuat Resi Gupala mesti bakal njungkel palenggahan sang Prabu Duryudana, eh Mayang Seta.*

MS : *Prabu Kala Tejolelono.*

PT : *Ana apa?*

MS : *Tembungmu kuwi meh pedune kowe golek benermu dhewek. Selawase aku neng kene ora ana glakat bakal njengkleng palenggahan Prabu Duryudana. Kaping pindhone yen akeh para kawula Ngastina kang padha ndherek neng kene kuwi dianggep saka pokale sang Resi. Sebab ora ana niat saka sang Resi Gupala bakal ngirup marang para kawula Ngastina, Tejolelono.*

PT : *O... ora idep. bagine aku teka kene kudu bisa nglungakake Resi Gupala saka laladan Bumi Aldaka kene.*

MS : *Prabu Kala Tejolelono, yen sikilku isih kuat begagal neng gapura iki, tangh lamon kowe bisa ketemu karo sang Resi Gupala.*

- PT : *Ela dalah, kowe wong wis tuwek tur rupamu uelek lha kok isih kemaki. Yen aku gelem mateni kowe ora ndadak ngenteni sesuk, saiki kowe kelakon tak glagap e Mayang Seta. Ning idepe atiku lewih ndisik kepengin ngenteni mungguh tekamu endi gene ngangsu kawruh marang Resi Gupala mau?*
- MS : *Apa ta Sing kok karepa Tejolelono?*
- PT : *Aku lila Resi Gupala mapan ing Bumi Aldaka lakon kowe titis mangsuli pitakonku heh Mayang Seta.*
- MS : *Nadyan aku dudu cantrik drajatku mung juru kunci, nanging aku ora bakal samar mangsuli marang apa kang dadi pitakonmu Kala Tejolelono.*

**SULUK**

*Kadet risang kaping  
Rinangkul kinempit kempit  
Duh sang retnaning bawana, o*

**GINEM**

- PT : *Mayang Seta.*
- MS : *Ana apa Tejolelono?*
- PT : *Mura gage wangsulana pitakonku iki.*
- MS : *Ya, apa pitakonmu?*
- PT : *Sapa kang wajib sinembah, ana ngendi dununge kang sinembah, apa kang dadi syarating panembah, lan kepriye prataping manembah sing bener. Hayo, wangsulana Mayang Seta!*
- MS : *Samarupa Tejolelono, kang wajib sinembah kuwi mung kejaba Gusti Inkgang Anyipta Jagat. Ewadene dununge sinembah iku mapan ana ing ati sucine kang manembah sinebut mukmin Baetullah. Lha maneh ati mau bisa suci waton wong-wonge wis gelem mbangun watak kang utama kanthi linambat rila, sabar lan nrima, Tejolelono.*
- PT : *Wah... Iya bener wangsulanmu, Mayang Seta, lan yen patrap panembah sing bener kuwi kepriye Mayang Seta?*
- MS : *Patrap panembah sing bener kuwi sakdurunge padha manembah lewih ndisik kudu bisa milah-milahke dumuning manembah. Mula kawruh ana Tejolelono sembah iku kaping ana patang perkara, yaiku kang sepisan sembah raga, kaping pindho sembah cipta, kaping telu sembah kalbu, lan kaping papat iku sembah rasa. Ya ngono apa ora Tejolelono?*
- PT : *Wah, pancen pinter tenan kowe Mayang Seta.*
- MS : *Gandeng kowe mau ngaku calon muride Begawan Durna, saiki gentian kowe, kepengin nyurupi mungguh sepira saemu gonmu bakal nyantrik marang Begawan Durna. Mula genti aku arep takon. Mara gage wangsulana.*
- PT : *Ya, apa pitakonmu?*
- MS : *Yen kowe titis mangsuli pitakonku aku lan Resi Gupala bakal sumingkir saka Bumi Aldaka kene.*
- PT : *Ayo mara gage. Ayo takona!*
- MS : *Aku mung kepengin ngerti apa tegese landep nanging ora natoni, banter ora nglancangi kuwi apa karepe, eh Tejolelono?*

- PT : *O... pitakonmu kuwi ngawur Mayang Seta. Wong jenenge landep kuwi mesti natoni. Tembung banter kuwi ya mesti nglancangi. Yen kowe ora jegos golet ukara aja kuminter gawe ukara, Mayang Seta.*
- MS : *O... Tejolelono... Tejolelono aku ora ngawur, aku ora kuminter, yen pancen kowe ora bisa mangsuli perlu tak tuduhke Tejolelono. Samarupa, sing jenenge landep ora natoni kuwi pangucap wong wicaksana, wondene banter ora nglancangi kuwi wong pinter kang ora kuminter.*
- PT : *Mengko ndisik, apa sebabe pangucap kok sinebut landhep?*
- MS : *Mula pangucap sinebut landep jalaran tumendangin lisan kuwi bisa maweh bunga lan uga bisa larani marang atine liyan. Mulane, kowe tak elingke sang Prabu. Muna-muni ngono kudu sinartang pangati-ati, aja nganti cilik gawe gela, gedhene natoni rasaning sesama. Mangka sing jenenge ati kuwi yen wis kebacut tatu angel pulihe.*
- PT : *Lha yen banter ora nglancangi kok bisane dipadhake karo kapinteran kuwi kepriye karepe hem?*
- MS : *Tejolelono kapinteran ngono bisa dadi srana ngrancangake gegayuhan, Ya mung bae tumrap wong kang wis wicaksana nadyan pinter ora tau gelem mamerke marang kapinteran. Jalaran kapinteran kuwi gunane ora kanggo sesongkahan, nanging mung mligi kanggo piranti ngayahi kawajiban lahir, Tejolelono.*

#### **ADEGAN 8**

*Mayang Seta digethak dening prabu Tejolelono.*

#### **SULUK**

*Purda muntak lir kinentak, jaja mawa lina wengi  
Kumedhot padhoning lathi, o  
Netrandrit kondar randit  
Corit candra maluta-latu  
Sinabet mrang sagedeng urep metu dahananing, e*

- PT : *Wah, gojlek-gojlek, iblis laknat padha gojekan, pancen kowe menungsa tuwak kang ora kena dieman. Tiban kekarep budi tiban gelap sanyuta langit.*

#### **ADEGAN 9**

*Mayang Seta kontal digethak dening Tejolelono.*

- PT : *Wis ilang sing dadi klilipku, wis gari kaya ngapa wujud Resi Gupala ya?*

#### **ADEGAN 10**

*Pertemuan Wisanggeni, Gathotkaca, lan Antasena.*

#### **SULUK**

*Leng-leng driya mangu mangun kung  
Kandhuan rimang lir rena tanpa kanin*

#### **GINEM**

- Wi : *Kakang Gathotkaca lan kakang Antasena.*
- Ga : *Menapa dhimas, Wisanggeni?*
- At : *Ya, ana apa dhik?*
- Wi : *Wis wetara suwe olehe awake dhewek padha mapan ana kene kang saperlu ngolatake marang pesanggrahan Bumi Aldaka kang wektu iki kapanggonan Resi Gupala.*

- Ga : *Kepara nyata Wisanggeni, pun kakang rumangsa gumun, yayi.*
- Wi : *Gumun bab apa kang?*
- Ga : *Ing ngatase biyen Bumi Aldaka kuwi bumi kang sepoth-sepih. Ning, geneya wiwit Resi Gupala ana kono, saiki Bumi Aldaka ngejowantah dadi kutha rame. Akeh para kawula kang padha mapan ana kono lan akeh para mbok bakul kang padha dedagang ana ing pesanggrahan Bumi Aldaka, Wisanggeni.*
- At : *Iya le sing gumun ora mung kakang Gathot bae, aku ya semana uga. Sing tak gumuni Resi Gupala kuwi rak wujud Reca ta? Jenenge bae wis ngandake Gupala. Gupala iki rak tegese Reca, ya mung ngarepe bae diembel-embeli drajat Resi. Aku ki banjur kuwatir aja-aja wong sing padha ana kono mau mengko gek padha nyembah marang Reca kuwi.*
- Wi : *Muga-muga bae ora kakang Antasena. Dene mengko ana wong kang nyembah marang Resi Gupala, dene uripe percaya marang Reca mau wong mau wajib dielingke.*
- At : *Ya, bener kandhamu dhik. Sebab ngono kuwi padha karo menyekutukan Tuhan. Gedhe-gedhening dosa lan ora ana pangapurane yen menungsa wani madhake drajate Gusti Inggang Anyipta Jagat karo Reca mau. Sebab kuwi jenenge Sirik Wisanggeni.*

### **ADEGAN 11**

*Wisanggeni, Gathotkaca, lan Antasena katekan Anoman.*

#### **SULUK**

*Bumi gonjang-ganjing  
Langit kelap-kelap katon  
Lir kincangin sang maweh gandrung*

#### **POCAPAN**

*Wauta, kaya mangkana nedhening sanibale pangandhika ndadak sangkala dhumawahe Mayangseta kang wus badar wujud sang resi Anoman.*

At : *Wach pak dhe iki.*

#### **SULUK**

*Manguneng tyas winangun wening  
Manungsuling wala, 0*

#### **GINEM**

Wi : *Wach iki Anoman kang tiniba ing sakngarepku. Ana apa Wa?*

An : *Ya ngger Wisanggeni samarupa ing sakawit pun woh dadi juru kunci pesanggrahan Bumi Aldaka purna yeksa maring yuwari Resi Gupala kedadak tekaning ratu buta saka praja ujung laut jejuluk Prabu Kala Tejolelono. Dheweke bakal ndhungkal Resi Gupala, ndak kelike kepara dheweke nantang adi panemu marang aku. Sakabehe pitakon wis tak wangsuli nanging bareng dheweke rumangsa kasusur wah kok aku digentak nganti kontalan wujudku sing sekawit. Ger putraku kabeh, yen nganti Resi Gupala kelakon dirusak dening Kala Tejolelono ora mung sira kabeh bakal kelangan, lha ngger.*

#### **POCAPAN**

*Sadyabala Pandhawa gumulung wadya manungsiring sata Kurawa kang tangsah kosreh kang katiti, 0*

At : *Eh lha keparat, Tejolelono srayaeh para Kurawa, yen pancen Kurawa srayahe wani ngganggu kamardikane dhewe aja padha melu-melu, tak adhepi dhewe pak dhe.*

**ADEGAN 12**

*Pertemuan Prabu Tejolelono, paman Sengkuni, Surut Ayu, lan para Kurawa karo Antasena, Anoman, lan Gathotkaca.*

**SULUK**

*Jumangkah hanggro sesumbar  
Lindhu bumi gonjing, o  
Gumaludhug guntur ketug, o*

**SULUK**

*Wis tekan njoring kuwuk  
Manik padha munclak pedhangipun kang kataman braja  
Temah tekeng langit surak manentreng gumulung*

**GINEM**

SA : *Waduh-waduh, ngaglak ana tengah dalam ora pangling, Antasena iki.*

At : *Surut Ayu.*

SA : *Ya.*

At : *Duwe karep apa kowe ngancek laladan Bumi Aldaka?*

SA : *Eh ... Antasena.*

At : *Apa?*

SA : *Sumingkira, Resi Gupala kon lunga saka laladan Bumi Aldaka.*

At : *Ora usah ndadak ganggu marang Resi Gupala, kena bakal nundung Resi Gupala kowe geblundung sirahe.*

SA : *Eh ... malah ora kena dieman menungsa iki nantangi perkara karo Surut Ayu wani.*

At : *Apamu sing tak wedine?*

SA : *Eh ... walah ..... Keparat, aja takon dosa, wani kowe.*

**SULUK**

*Leng-leng driya mangu mangun kung  
Kandhuhan rimang lir rena tanpa kanin*

**GINEM**

PT : *Elah... dalah... keparat dudu karepe, padha mundura kabeh para Kurawa, gulungen genderamu, sipenen gamanmu. Aja kowe sing maju iki sanggemane Prabu Kala Tejolelono. Bibar gelap sayuta bubar maut.*

PT : *Lho, sapa iki?*

Ga : *Gathotkaca.*

PT : *Kala Tejolelono, wani, ayu majua.*

**ADEGAN 13**

*Prabu Tejolelono berhasil ngalahake Antasena, Anoman, lan Gathotkaca.*

PT : *Wis resik sing dadi pepalangku. Mung gari siji, Resi Gupala kaya ngapa?*

**ADEGAN 14**

*Prabu Tejolelono, paman Sengkuni, lan para Kurawa tekan ing ngarepe Resi Gupala.*

**GINEM**

PT : *Raden patih Sengkuni.*

- PS : *Wonten dhawuh?*  
 PT : *Inggang name Resi Gupala menika jebul arupi reca ta, raden?*  
 PS : *Inggih sang Prabu, kula inggih nembe ngertos Resi Gupala menika arupi reca. Turtamalih reca menika kok mirip wujudipun Werkudara sang Prabu. Mila kangge tandha bukti, mangga Resi Gupala tumuli dipun boyong dhateng Ngastina katur anak Prabu Duryudana, sang Prabu.*  
 PT : *Inggih lakung prayogi mekaten raden patih.*

#### **ADEGAN 15**

*Paman Sengkuni dhawuh marang para Kurawa supaya gotong reca Bima.*

#### **GINEM**

- PS : *Eh... kabeh anak-anaku Kurawa, kabeh bae.*  
 K : *Inggih... inggih... inggih...*  
 PS : *Eh... ngene ndang ngumpluk ayu iki digotong Resi Gupala digawa menyang Ngastina.*  
 K : *Ayu... ayu... ayu... gotong yu...*  
 PS : *Sing rumangsa gedhe-gedhe, lemu-lemu rene sit, iki digotong.*  
 K : *Inggih... inggih... inggih*  
 PDr : *Sepele wong enteng ngene man, kula betane. Ha... ha... ha... alah boten kuwat, man.*  
 PS : *Ah, sumbare tok. Ah endi liyane ngene, ayu gotongen.*  
 K : *Yu... yu... yu.. gotong... gotong.*  
 2K : *Wah, wah ... Boten kiat... boten kiat...*  
 PS : *Sang Prabu Tejolelono.*  
 PT : *Kula raden.*  
 PS : *Jeng ngandika pirsu piyambak anak kula Kurawa sami boten kiat ngangkat. Mila mangsa bara dhateng jeng ngandika sang Prabu.*

#### **ADEGAN 16**

*Prabu Tejolelono nggunakake aji-ajine kanggo nyilikake reca Bima.*

#### **SULUK**

*Tan smar pantaring sukma winawaya kang sepi  
 Sinempin tengklengi kalbu*

#### **POCAPAN**

*Kocapa sang Prabu Tejolelono sigrah maos mantra sakti wus rampung anggone ngemaos resi Gupala sinidi satemah dadi sekilan dhedhege sakepel gedhene.*

#### **GINEM**

- PT : *Raden patih.*  
 PS : *Wonten dhawuh?*  
 PT : *Reca Gupala sampun dados alit, mila badhe kula beta piyambak.*  
 PS : *Mangga kula ndherekaken sang Prabu.*

#### **ADEGAN 17**

*Prabu Tejolelono, paman Sengkuni, lan para Kurawa metu saka Bumi Aldaka.*

#### **SULUK**

*Myat langenging kalangyan  
 Aglar pandan muncar  
 Tinon lir kekonang*



*Surem sorote tan padhang  
Kasor lan pajaring  
Purnameng gegana.*

**VCD 4 → ± 1 jam, Tidak ada alur cerita.**

**PATHET SANGA**

**SULUK**

*Sangsaya dalu araras abyor kang lintang kumedhap  
Titi sonya tengah wengi lumran gandaning puspita  
O ...  
Karengwaning pudyanira, o...  
Sang dwijawara mbrengengeng  
Lir swaraning madubranta  
O... o...*

**POCAPAN**

*Gara-gara nut wedhanging pustaka Jayabaya, kalamun mobah musiking jagat yektine mengku purbaning Hyang Murbeng Rat, nadyan mengkana parandene laku jantrane umat akeh kang nising saking wiradat, ing pamrih nedya oncat saking garising kodrat. Mila datan mokal ngendi enggon ngendi papan keh menungsa ingkang karindhu pakartining jajalanat. Prasasat keblat papat mung isi maksiat, donga selawat datan kerumat, laku tirakat sambate jare ora kuwat. Rina wengi ora kendhat mung tansah angatik siasat, ing pamrih nedya oncat saking saringat, ora mikir walat, ora mikir uripe mbesuk ana akirat. Wong sugih lumuh jagat, yen ana wong salah malah diendat, sing diburu mung undaking pangkat. Benere kaya sipat, kalah kuwasa, kalah limpat, embuh najis embuh haram waton kuwat diangkat, nekat disikat. Wus dadi jamak lumrahe lamun ombyake kahanan anut jaman kelakone, wewangsane wis nyebutake ana kalane ana desa Hyang rejane, gunung ilang kukuse, pasar Hang kumandange, wong lanang ilang kaprawirane, wong wadon lali nyimpen wewadine. Lah ing kana akeh wong kang lali marang agamane dhewe-dhewe. Sing haram dilaleke, omong cidra dikulinake, pantrihe mung arep golek mblendhuke weteng dhewe. Sabarang tindak nggugu nafsuning setan, apus krama dienggo pakaryan, nyambut gawe padha sungkan, bandha negara dienggo rayahan, ngendi enggon ngendi papan, akeh kebak jahil, sing digunake pakale kancil, ora preduli tanggane mecicil, bakune awake dhewe entuk hasil, embuh ngutit embuh nyathil, waton kecandak isine kendhil. Nanging pama dieling, sabeja-bejane wong kang lali, isih beja kang eling lan waspada. Engeta marang panguwasaning hukum.*

**VCD 5 → ± 1 Jam, Tidak ada alur cerita.**

*Punakawan: Gareng, Petruk, lan Bagong nglawak.*

**VCD 6 → ± 1 jam**

**POCAPAN**

*Buta para yekna mangar mangur mangongor paraseksa ... mrih magguter  
puspa buder candra puspa, o*

**GINEM**

BC : *Gojlek-gojlek, iblis laknat satria bagus sapa jenengmu?*

J : *Panengah pandhawa kekasih, raden Arjuna.*

BT : *Arjuna.*

- J : *Ya, Janaka.*  
 BT : *Sumedya lumakumu, gus?*  
 J : *Ngetutake kreteke ati, jumangkahe suku, kedhepe netra.*  
 BT : *Ora kena bacut, kudu bali, kudu bali, gus.*  
 J : *Ora ulih, reda peksa.*  
 BT : *Wani karo aku.*  
 J : *Apa kang tak wedine.*

**SULUK**

*Buta pandala katiwis saya indri saruta, o*

**PATHET MANYURA**

**ADEGAN 18**

*Pertemuan Bima dengan Betara Bayu*

**SULUK**

*Palugon lakune lekas lukito linuding kidung, o  
 Meh ... kadinetraning, o ... sabdane lukiroring, o  
 Mring ... saketeg, ong, ong  
 Nikidung ngakung lirosing pinipanca, o*

**SULUK**

*Myat langenging kalangyan  
 Aglar pandan muncar  
 Tinon lir kekonang  
 Surem sorote tan padhang  
 Kasor lan pajaring  
 Purnameng gegana.*

**POCAPAN**

*Tunggal babake siji caritane kaya barang ... kabeh. Sinebat ing kahyangan  
 hargomaruta nadyan neng kahyangan wonten tejomanridolanan. Duh tejane sang  
 hyang Betara Bayu inggih sang Betara Prabancana. Katiyos jumeneng hanampi  
 marang praptane sang Bima sukma. Kadodo Betara Bayu sigara mangke ngawit  
 datheng praptane sang Werkudara sukma. Teka mengkono widi sabdane sang  
 hyang Prabancana.*

**SULUK**

*Tinoron kangsur sorote kang padhang  
 ...  
 Dasare mangsa ketiga  
 Jahning tlaga kadi langit  
 ... sulang kang maneka  
 Lintang kliwa kusamaya sumrawur  
 Tumrat wikang sekar katijatu*

**GINEM**

- BB : *Honghilaheng bawana langit, putraku Werkudara ingkang sowan kula  
 Bratasena paring minantu karaharjan sowan kita ngarsa kulun ngger  
 Bratasena.*  
 B : *Ya kulun Batara Bayu, rahayu sowanku niskala ora lewat ngatur kulun  
 Betara Prabanca.*

- BB : *Ya, ya ngger kula tapa banget ing pangingulun Brataseta hakarya kaget tyas kulun dene sowan kita katon pengawal braja. Ana pari gawe apa kula tumiatur marang pun bapa ngger, Werkudara.*
- B : *Ya bapa Begulun. Sowanku mreng kang wigati bakal nyorowidikake lelakon kang ana ing Praja Ngamarta wektu iki. Apa pancen iki pertandha bakal kinuput jagate praja Ngamarta saisine. Bapa Begulun, aku rumangsa dadi santria bayangkarane praja kang saguh njaga ring-ringe katentraman negara, nanging banget susah atiku. Apa maneh yen aku nyurupi marang sesolahe wong kang padha mikiri kebutuhane dhewe-dhewe ning kanthi wawadan kang kaperluane para kawula kuwi banget nlangsa atiku. Ing ngatase para kawula ing njero panandang. Negara lagi ketaman bencana malah padha nyaur lulus. Buktine tanpa pekewuh padha nggedhekake gendherane dhewe-dhewe. Babar pisan ora ngetonake marang rasa kamanunggale, ora ngetonake marang rasa guyupe. Begulun, aku njaluk kalidamar marang paduka bapa Begulun awit paduka kuwi guruku ya bapa Begulun.*
- BB : *Ih, ih, Werkudara.*
- B : *Ya.*
- BB : *Wis kula tanpa sekabehe atur samandang, ora sekarepe Brataseta, lamon kita nyenyurupi kahanan kang mangkono mau. Kulun pundhut aja kaget, tangan aja gumunan ya ngger. Ya kaya ngono kuwi pepeke-pepeking jagat, kulun. Kula wis pirsal lan miring dhewe, yen saiki akeh maling ngalok maling, Brataseta. Ana sawening pamong katone kuwi pamong jebul watak lakone kaya rampok, katone satria jebul wis wani wirange. Kang kabeh mau merga kapitut dening trinjineng binar. Ngger Brataseta, ya mung sira kula kang tak gadang aja nganti keblinger kang dadi lakumu ya ngger. Supaya aja nganti kleru dalanmu. Sira kudu eling marang tembung tirta pawitra dimahning suci.*
- B : *Kepriye babarane?*
- BB : *Tirta iku banyu, banyu iku panguripan. Pawirta iku tegese bening. Ewadene di saka tembung adi kang wardine linuih, mahning kuwi werdine menep, dene suci yaiku resik ya Werkudara. Bratasena, yen diwerdeni kang luwes tembung tirta pawirta mahning suci mau mengko karepe mengkene menungsa urip ngono kudu bisa mbeningake pikirane, menepake rasane ing pangajap karepe supaya mantep panembahan marang Gusti Inggang Anyipta Jaga, tekun ning panembah temah dadi dadoin luwih. Ing pindhone keno kanggo ngresikake sekabehe reget kang sumandang ing jiwane manungsa mau. Ngger, ulun percaya yen kabeh wong urip iku bisa mbeningake pikirane, menepake rasane, lan madhep mantep marang pangerane. Ing kono ora bakal ana wong kang suk-sukan antar rasane, ora ana wong kang bakal mesakake kekarepane, ora ana wong kang ngumbar hawa nafsune. Sebab apa? Awit sekabehing tumindhak mesti wis dipetung sing kari lakune. Ya gari wekasmu kono mau kulun bisa mahning swasana bakale tentrem, negara manggih raharja, kawula padha urip mulya. Sebab ora kasalaban marang watak angkara murka kang saben dina mung diumbar mau ngger, Brataseta.*

**B** : *Begulun, Betara Bayu.*

**BB** : *Persajan bae ngger, wektu iki kang bisa nglakoni kaya kang tak dhawuhake mau ngarep. Ya mung lagi siji iki kula Barataseta. Luhur saka iku ora mokal yen ta kula Werkudara ingkang pinijih dening Gusti pantes nampa nugarahaning Widi lumantar jeng kulun kang awujud wahyu, wahyu ingkang mulya kang sinebut wahyu cempaka mulya.*

**SULUK**

*Tan smar pantaring sukma winawaya kang sepi  
Sinempin tengklengi kalbu pambukaning rana  
Tarling saking liyep layaking ngaluyu  
Pindhho pesating supena sumebing rasa jati*

**ADEGAN 19**

*Bima nampi wahyu cempaka mulya saking Betara Bayu.*

**POCAPAN**

*Wauta kaya mengkono yen Werkudara sigra muntahake ciptane. Eling-eling wis abadan sukma ora mokal cemrotong wahyu cempaka mulya saking ananing Betara Bayu. Manjing marang sang Bima Sukma, panyayah surubing surya kang manjing ancala.*

**SULUK**

*Leng-leng driya mangu mangun kung  
Kandhuhan rimang lir rena tanpa kanin*

**GINEM**

**B** : *Kukulun Betara Bayu, banget ing panarimaku dinaku sinugra dening pangeran lumantar paduka bapa, aku wis kelakon nampa wahyu cempaka mulya.*

**BB** : *Kula, Werkudara ya?*

**B** : *Ya iki dadiya pangiket saya kandel lan tekunku gonku marang Gusti Kang Anyipta Jagat.*

**BB** : *Muga-muga wahyu cempaka mulya mau handayani, kamulyan, kamukten, kawigawan, lan karaharjan marang warga satria bayangkara ing kene.*

**B** : *Ya.*

**BB** : *Gandeng wis purna sakabehe, mula kita tumuli bali marang madyapada, tutukna nggon kita ngladeni marang para kawulamu kula Bratasena.*

**B** : *Ya panyuwunku marang hyang widi, muga-muga sing padha lali ndang elinga, sing rumangsa kleru enggal padha gelema mbenerake, ingkang rumangsa rusak padha gelema ndadani, lan sing maune congkrah padha gelema rukun awit saka dalane wahyu cempaka mulya kang tak tampa iki.*

**B** : *Wis kulun. Aku njaluk pamit bali marang kaluarga maneh.*

**BB** : *Jaya wijaya jayati ya, Brataseta.*

**ADEGAN 20**

*Pertemuan Bima dengan Anoman.*

**POCAPAN**

*Anoman alumpat sampun prapteng witing nagasari.*

**GINEM**

**B** : *Iki Anoman kang tiba ing ngarepku.*

An : *Waduh adhiku, dhimas Werkudara, nadyan adhik wis abadan sukma, nanging aja kaget yen pun kakang ngerti marang poha, yayi.*

B : *Ya, iki saka ngendi Anoman?*

An : *Purhanana yayi, pun kakang nunggu ragamu kang dadi Reca Gupala banjur katekan ratu saka ujung laut jejuluk Prabu Tejolelono. Dheweke mbudidaya bakal ngrusak ragamu nganti dadi paca loro. Ning pun kakang ngakoni yayi, pancen Kala Tejolelono kuwi ratu ingkang sekti mandraguna. Pun kakang lan anakmu idap-idape, nanging kita ginethak dheweke ngantos sami kontal. Yayi, ragamu digawa prapteng praja Ngastina, ragamu mbuh dadi apa ya yayi.*

#### **ADEGAN 21**

*Bima pergi menuju Ngastina ditutke Anoman.*

B : *Tutna salakuku.*

#### **ADEGAN 22**

*Pertemuan Begawan Surya Bawana dengan Janaka, Petruk, dan Bagong.*

#### **SULUK**

*Ritnang sinare kalbu budine kang den bayu*

*Leng-leng rangmyangneng kang driya*

*Candra kata suwuking kang tyas katuri dhangu*

*Limbut katyar panuting ... mangawur kekurunge hyang wisesa*

#### **GINEM**

SB : *Wonten satria ingkang rawuh ing praptaan Puser Bumi.*

J : *Inggih nemban, kula pamadyaning Pandhawa saking Madura, nami kula Janaka inggih pun Arjuna.*

SB : *oh... oh... mburi iku sapa?*

P : *Kula Petruk.*

Ba : *Kula Bagong.*

SB : *Inggih tepangaken raden, kula Begawan Surya Bawana ingkang mapan ing pertapaan Puser Bumi menika, raden. Wonten wigatos ingkang pundi dene rawuh wonten sudung kula mriki.*

J : *Inggih nemban, kula badhe suwita dumateng jeng ngandika sangabdi, nemban.*

P : *Kula inggih badhe suwita.*

Ba : *Kula inggih badhe ndherek suwita.*

SB : *Oh, oh inggih raden, kula tampi kanthi bungahe manah bilih raden lenggah ing pertapan ngriki. Awit ninggali saking ulat jeng ngandika, ketingalipun raden nembe ketaman susah.*

J : *Inggih kaluhuran, kula mrihatosaken dhateng kadang kula sepuh, kakang mas kula Werkudara ingkang dereng kondur tuwin kesahipun sareng Semar ingkang boten awit pamit nemban.*

SB : *Oh... oh... mekaten.*

P : *Kula nggih badhe nyuwun pajar. Bapak kula inggih tumut kesah boten pamit. Wong ko dioyak-oyak bank kintil mantos bapak ndelik boten katingal.*

Ba : *Oh perkara iku.*

SB : *Inggih raden kanthi jeng ngandika krasa rawuh lenggah ing Puser Bumi dadosa sarana nggih, Arjuna.*

J : *Ngaturaken sembah nuwun.*

SB : *Ing menika mangga raden, kula badhe nindhakake tata ngramit praja Ngastina kepareng tumut salampah kula.*

J : *Mangga kula ndherekaken nemban.*

### **ADEGAN 23**

*Prabu Tejolelono, paman Sengkuni, lan para Kurawa tekan ing Ngastina.*

#### **SULUK**

*... saking sakuru-kuru ya mutusa sang Sri.*

#### **GINEM**

PD : *Paman Sengkuni wis bali ndherekaken Prabu Tejolelono nggawa Werkudara mung sekilat. Iki kepriye critane, paman?*

PS : *Anak Prabu, ingkang name Resi Gupala menika jebul arupi reca pepetang raganipun Werkudara. Wonten ing pesanggrahan Bumi Aldaka dipuntengga dening juru kunci nami Mayangseta ingkang nimbanipun Anoman. Selajengipun Prabu Tejolelono mangsrah Gathotkaca, Arjuna, lan Anoman dipungethak sami kontal. Reca pentang Werkudara dipundamel alit dening Prabu Tejolelono selajengipun dipunbeta dhateng ngarsa Prabu, sinumun.*

PT : *Inkang menika sang Prabu kula ngaturaken menika Reca utawi Gupala wewentangipun Werkudara. Kula caosaken dumateng sinuwun Prabu badhe dipunpecah menapa dipunopeni.*

### **ADEGAN 24**

*Prabu Duryudana dhawuh marang paman Sengkuni supaya ngobong reca Bima rame-rame.*

#### **SULUK**

*Dada muntak lir kinentak jaja mawa wengi.*

PD : *Wis ngene iki cetha gaweane Werkudara. Sesuk mungsuh saiki mungsuh.*

PD : *Paman Sengkuni.*

PS : *Wonten dhawuh sinuwun.*

PD : *Prentahna para Kurawa obong Resi Werkudara iki, paman.*

PS : *Inggih ngestokaken dhawuh sinuwun.*

PS : *Eh, kabeh anak-anaku Kurawa.*

K : *Inggih, inggih, inggih.*

PS : *Padha nyiapna seglondong areng lan lenga patra, diobong ing alun-alun kanggo ngobong Gupala iki.*

K : *Inggih, inggih, inggih.*

PS : *Ayo digawa.*

K : *Ayo, ayo, ayo.*

### **ADEGAN 25**

*Reca Bima urip*

#### **POCAPAN**

*Kacarita mehalak-halakan gahana kangge sarana ngobar marang resi Gupala nanging durung nganti mambet latu durung mambu geni kocap sukmane*

*Werkudara manjing marang resi Gupala tumancep wujud Bratasena sigara ngamuk bubar satria para Kurawa*

**GINEM**

- PT : *Elah, dalah Reca malik gedhe maneh, ngowat-ngawit kene. Goglek-gojlek, iblis laknat pancen Werkudara. Wani nantangi, tak gaglak Werkudara.*
- SB : *Raden Janaka.*
- J : *Kula nemban.*
- SB : *Menika sinten?*
- J : *Kakang mas Werkudara.*
- SB : *Wonten yeksa ngamuk.*
- J : *Kula badhe ngadepi.*
- SB : *Sanes njenengan ingkang tandhing raden.*
- J : *Lajeng kados pundi caranipun?*
- SB : *Kula piyambak ingkang ngetutake yeksa mau.*
- J : *Mangsa bara, nemban.*
- PT : *We... eh... eh... ana wong tua sapa iki?*
- SB : *Aku Surya Bawana saka ing pertapaan Puser Bumi kowe sapa?*
- PT : *Ratu ujung laut, Prabu Tejolelono.*
- SB : *Arep apa?*
- PT : *Nggaglak Werkudara.*
- SB : *Tandhingna aku.*
- PT : *Wah, kontal kowe.*
- S : *Ha... ha... drondos meos, wani karo Semar. Lha iki bomku tadahna.*
- T : *Wus... wus... oh Semar masuk angin, brat... brut... brat... brut...*
- S : *Lha kok kari-kari Tejamantri ta iki.*
- T : *Iya, aku mau sing dadi buta Prabu Tejolelono mau kok, Mar.*
- S : *Eh, kowe duwe karep apa ndadak dadi ratu buta mbarang.*
- T : *Sejatine mung kepengin nonton mungguh tekan ngendi olehe Begawan Durna gelem mulang becik marang sesamane kok Mar. Nadya ta aku durung diwulang, ning aku wis mangerteni sing dadi tekat Begawan Durna olehe suwita marang Prabu Duryudana. Bukti kasunyatane, Begawan Durna mung tansah ngestakaken apa kang dadi kekarepane Prabu Duryudana.*
- S : *Eh, ngono.*
- T : *Iya. Dene Prabu Duryudana kuwi mujudake ratu kang nyedhakake rasa samar, dene apa-apa sing ganjil dianggep arep njongkeng kalungguhane. Dadi saiki aku, hu, hu, hu. Aku wis ngerti jiwane Prabu Duryudana kuwi mentingake kadonyan kok Mar, hu, hu, hu. Mula, nek ana apa-apa, jane ora ngapa-ngapa, dianggepe arep njongkeng kalungguhane. Lha, selawase urip Dursasana kuwi mung goreng atine ora tau tentrem, enengeng mung samar bae. Ehm, ehm, atiku, hu, hu, hu. Merga aku wis kasembadan nyenyurupi jatidirine wong-wong. Tegese aku wis kasembadan ta, Mar?*
- S : *Yen ngono padha karo aku ta kang Togog.*
- T : *Padha piye?*

- S : *Olehku mendhita yaiku sebab kepengin nonton mungguh tekan ngendi tanggung jawabe para gendheraku para Pandhawa marang para kawulane. Huh, jebul ora luntur Pandhawa marang mikirke wong cilik. Buktine aku lunga, digoleki dening gendharaku Pandhawa, umpamane ndara Janaka. Dene Werkudara tansah mrihatinaken lan golek srana mulih enggal mulya para kawulane kang lali kena penandhang.*
- T : *Oh y Mar, Mar. Ngene ya Mar bareng wis rampung lan wis kasembadan karepku, aku pamit bali tak menyang tanah sebrang maneh. Mbok sesuk dolan rono ta, Mar?*
- S : *Lha kowe saiki neng ngendi?*
- T : *Eh... eh... eh... Aku saiki neng luar negeri.*
- S : *Nek goleki kowe piye?*
- T : *Ora ndadak rekasa goleki, takon Togog wis padha ngerti. Nek kira-kira kowe wegah kirim layang, kepada kakak Togog, aa Togog luar negeri wis tekan. Eh... eh... eh...*
- S : *Ya... ya engko tak pikir.*
- T : *Ya, mengko tak piker.*
- S : *Ayu padha ndonga dedonga ya ben padha kuat nindhakake kewajiban dhewe-dhewe ya kang Togog.*
- T : *Ya... ya... ya... Wis ya Mar aku bali saiki ya, Mar. Dah....*
- PD : *Werkudara.*
- B : *Ya.*
- PD : *Gawe gejer.*
- B : *Mbuh, ora idep.*
- PD : *Kencep Bratayudha.*

#### **ADEGAN 26**

*Pertemuan Bima dengan Semar.*

#### **SULUK**

*Myat langenging kalangyan  
Aglar pandan muncar  
Tinon lir kekonang  
Surem sorote tan padhang  
Kasor lan pajaring  
Purnameng gegana.*

#### **GINEM**

- S : *Ndara Bratasena, kula suwun ampun wuruh dumatheng banda donya nggih, gus. Sampun sirna ingkang dados angkaraning negari inggih awit saking mbudidayaning ndara Werkudara minangka satria bayangkara sesarengan kaliyan para kawula Ngamarta ingkang dipun pangersani ndara Bratasena. Hanggek paduka maneges dhumateng jarwata menika pertelakaken anggenipun tanggung jawab paduka dados satria bayangkara negari ingkang kagungan kewajiban supaya rumangsa aman tuwin tentrem para kawulanipun.*
- B : *Ya.*



S : *Prayata maneges paduka boten sia-sia, petela saget nuwuhaken anane watak angkara murka tuwin saget mbrasta dhumatheng para menungsa ingkang tumindhak ngganggu ketentraman tuwin kaluhuran bebrayan.*

B : *Ya.*

S : *Mugi Gusti Inkang Anyipta Jagat tansah hangayomi dhumatheng para satria bhayangkara.*

B : *Ya.*

**TANCEP KAYON**

**\*\*\*TAMAT\*\*\***

Ket:

PS : Paman Sengkuni  
 PD : Prabu Duryudana  
 BD : Begawan Durna  
 PT : Prabu Tejolelono  
 PDr : Prabu Dursusana  
 Dmg : Durmagati  
 As : Aswatama  
 MS : Mayang Seta  
 Wi : Wisanggeni  
 Ga : Gathokaca  
 At : Antasena  
 An : Anoman  
 SA : Surut Ayu  
 BT : Buta Cakil  
 J : Janaka  
 B : Bima  
 BB : Betara Bayu  
 SB : Begawan Surya Bawana  
 Ba : Bagong  
 P : Petruk  
 S : Semar

